



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA POU KONBAT EFÈ ADIKTIF JWÈT AZA

***Lwa S1550/A1118 egzije tout piblisite pou jwèt aza ak paryaj espòtif pou mete avètisman sou efè potansyèl danjere ak adiktif jwèt aza***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a Lwa pou konbat efè adiktif jwèt aza. Lwa S1550/A1118 egzije tout piblisite pou jwèt aza ak paryaj espòtif pou mete avètisman sou efè potansyèl danjere ak adiktif jwèt aza. Lwa anvan an di ke chak piblisite dwe afiche yon fason klè epi vizib yon nimewo apèl ijans pou jwèt aza. Lwa S1550/A1118 bati sou pwojè lwa anvan an pou presize ke piblisite sou paryaj espòtif mobil yo sijè a menm kondisyon yo ki aplike nan lòt piblisite ki gen rapò ak jwèt.

"Pwoteje Nouyòkè yo kont efè danjere ak adiktif jwèt aza ak paryaj espòtif yo nesèsè anpil pou pwosperite gwo Eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle Nouyòkè yo kapab jwi aktivite yo renmen yo san danje, pandan y ap kontinye ak prekosyon lè sa nesèsè. Mwen konfyan ak siyati nouvo pwojè lwa sa a, Nouyòkè yo pral gen aksè pi fasil a resous sekirite yo bezwen pou pi byen pwoteje tèt yo kont adiksyon an."

**Lwa S1550/A1118** egzije pou tout piblisite pou jwèt aza ak paryaj espòtif yo genyen ladan yo avètisman sou efè potansyèl danjere ak adiktif jwèt aza; epi egzije Komisyon Jwèt Eta a pou kolabore ak Komisè Sèvis ak Sipò pou Adiksyon pou asire ke tout piblisite pou aktivite jwèt aza bay yon liy telefòn dirèk pou jwèt aza.

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Rezidan New York yo gen aksè a plizyè opsyon jwèt aza, tankou kazino, pis pou kous, lotri ak platfòm paryaj espòtif tankou FanDuel ak DraftKings. Li esansyèl ke yo enfòme itilizatè yo sou risk adiksyon ki genyen epi konnen kote pou yo chèche èd si sa nesèsè. Menmsi revni Eta a enpòtan, pwomosyon jwèt responsab ak pwoteje kominote nou yo enpòtan tou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a, mwen remèsye kòlèg mwen an, Manm Asanble Clyde Vanel paske li te travay avèk mwen, ak kòlèg nou yo paske yo fè adopte lwa a."

**Manm Asanble, Clyde Vanel, te deklare,** "Nou kontan dèske Gouvènè a rekonèt pwojè lwa sa a kòm yon etap enpòtan nan pwoteje Nouyòkè yo ki kapab vilnerab a jwèt aza. Avèk nouvo lwa sa a, n ap ranfòse pwoteksyon Nouyòkè yo atravè eta nou an."

Nouvo chanjman sa yo nan lwa pou piblisite jwèt aza pral kontribiye pou pwomouvwa pratik jwèt responsab ak pote sipò pou sa yo ki bezwen li."

**Prezidan Komisyon New York State Gaming, Brian O'Dwyer te deklare,** "Eta New York rekonèt enpòtans pratik jwèt aza responsab epi mete anplas garanti solid pou pwoteje ak edike paryè yo. Byenke Komisyon jwèt la deja egzije operatè paryaj espòtif yo enkli mesaj sou jwèt aza nan tout piblisite yo, nou ankouraje paske mezi bon sans sa a te kodifye an lwa eta. Gouvènè Hochul kontinye mete anplas politik jwèt entèlijan ak responsab ki sipòte Eta nou an, lè yo siyen pwojè lwa sa a."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare,** "Plis moun kapab jwenn aksè ak jwèt aza pase anvan, kidonk, amezi opòinite yo ap ogmante, li enpòtan pou nou kontinye efò nou yo pou enfòme Nouyokè yo sou risk ki asosye ak jwèt aza ak kote yo ka jwenn èd ak sipò. Avèk siyati pwojè lwa sa a, Gouvènè Hochul ap pran lòt etap enpòtan pou pwoteje Nouyokè yo epi asire yo ka kontinye jwe jwèt aza yon fason responsab, pandan l ap asire yo ka jwenn aksè fasil ak resous enpòtan yo si sa nesesè."

Jwèt aza refere kòm yon adiksyon kache paske souvan li pa prezante okenn siy fizik. Li ka lakòz domaj finansye, emosyonèl, sosyal, okipasyonèl ak fizik epi konsekans devastatè pou moun, ansanm ak fanmi ak zanmi yo.

Moun k ap chèche èd pou jwe aza yo gen plizyè opsyon pou jwenn èd nan Eta New York, tankou pwogram pou pasyan entèn, pou pasyan ekstèn, pwogram rezidansyèl yo ak sipò rekiperasyon yo, atravè yon sistèm solid founisè sètifye, sèvis tretman Eta a opere, ak yon rezo pwofesyonèl prive solid. Sant Resous Rejyonal pou Pwoblèm Jwèt Aza yo ke OASIS finance epi New York Council on Problem Gambling opere, kapab bay resous ki gen ladan enfòmasyon, fòmasyon, ak koneksyon pou ede Sant sa yo disponib nan chak rejyon nan eta a.

Moun k ap chèche èd yo ka vizite [NYProblemGamblingHelp.org](http://NYProblemGamblingHelp.org) oswa rele HOPEline konfidansyèl Eta New York la nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa voye tèks bay HOPENY (467369).

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)